

Bahasa Jawa
Tembang Macapat Gambuh



Sakwise nyimak video ing dhuwur, ayo bareng-bareng maca penjelasan ing ngisor iki!

Tembang macapat nerangake tahapan uripe menungso awet mulai lahir nganti tumukaning pati.

Tembang macapat cacahe ana 11 yaiku:

1. Mas Kumambang
Nggambarake menungsa waktu ing alam Rahim.
2. Mijil
Nggambarake lahire jabang bayi.
3. Sinom
Nggambarake masa mudane menungsa.
4. Kinanthi
Nggambarake usaha nggayuh cita-cita.
5. Asmaradana
Nggambarake cinta kasmara.
6. Gambuh
Nggambarake kecocokan/bersatu marang pasangan.
7. Dhandang Gula
Nggambarake kemapanan urip.
8. Durma
Nggambarake kudu sedekah.
9. Pangkur
Nggambarake nafsune menungsa.
10. Megatruh
Nggambarake pisahe ruh saka raga menungsa / ninggal.
11. Pocung
Nggambarake uripe menungsa mpun akhir/ di pocong/ mati.

Pengertian tembang gambuh

1. Makna atau arti tembang Gambuh
'jumbuh' seng duweni makna cocok, sepaham, lan wicaksana.
2. Watak tembang Gambuh
 - a. Sumanak (ramah)
 - b. Sumandulur (rasa persaudaraan)
 - c. Piwulang
 - d. Pitutur (nasehat)
3. Paugeran Tembang Gambuh
 - a. Guru Gatra
Yaiku cacahé gatra (baris) saben sak padha (bait)
Guru gatra ing tembang gambuh yaiku ana 5 (barise ana 5)
 - b. Guru Lagu
Yaiku tibaning swara ana ing pungkasan gatra (baris)
Guru lagune tembang gambuh yaiku, u, u ,i u, o. tegese gatra ingkng sepisah guru lagu ne yaiku **U**, gatra (baris) le loro guru lagune yaiku **U**, gatra ke telu guru lagune **I**, gatra ke papat guru lagune **U**. gatra kelima guru lagune yaiku **O**.
 - c. Guru Wilangan
Cacahé wandha (suku kata) saben sak gatra (baris)
Guru wilangan tembung gambuh yaiku 7, 10, 12 , 8,8 tegese baris ingkang sepindah ana 7 suku kata (wandha), baris kepindo ana 10 wandha, baris ketelu 12 wandha, baris kepat ana 8 wandha, baris kelima ana 8 wanda.
4. Manfaat tembang gambuh
Nyampekke pitutur becik marang menungsa khususé para kawula mudha supaya tumindak sae.
5. Tuladhane tembang gambuh

Sekar gambuh ping catur
Kang cinatur polah kang kalantur
Tanpa tutur katula-tula katali
Kadaluwarsa katutuh
Kapatuh pan dadi awon

Ing ngisor iki yaiku penjelasan tembang gambuh seng ana ing tuladha.

Sekar gambuh ping catur

(Tembang gambuh kang kepapat)

~ Lagu gambuh yang keempat

Kang cinatur polah kang kalantur

(Kang diomongake bab kelakuan ingkang sampun kelewat bates)

~ Yang dibicarakan tentang perilaku yang sudah melewati batas

Tanpa tutur katula tula katali

(Tanpa nasehat bakal luwih mboten terkendali)

~ Tanpa nasehat akan semakin tidak terkendali

Kadaluarsa katutuh

(Sampun terlanjur dados kebiasaan)

~ Sudah terlanjur menjadi suatu kebiasaan

Kapatuh pan dadi awon

(Kebiasaan kang saged ngakibataken ke ala an)

~ Kebiasaan yang bisa mengakibatkan suatu keburukan